



PWOTOKÒL REPONS ESTANDA

ENFÒMASYON POU PARAN AK GADYEN

Lekòl nou an adopte pwotokòl "Foundation's Standard Response Protocol (SRP)" (Pwotokòl Repons Fondasyon an) "I Love U Guys" (Mwen Renmen NOU Guys). Elèv ak anplwaye yo pral pran fòmasyon, pratike, ak fè egzèsis pwotokòl la.

LANG KOMEN

"The Standard Response Protocol (SRP)" (Pwotokòl Repons Estanda) baze sou apwòch pou adrese tout danje olyede senaryo endividyèl yo. Tankou "The Incident Command System (ICS)" (Sistèm Kòmand Ensidan an), SRP itilize langaj komen klè pandan li pèmèt fleksibilite nan pwotokòl la.

Konsepsyon an senp - gen senk aksyon espesifik ki ka fèt pandan yon ensidan. Lè nou ap kominike yo, nou make aksyon an ak yon "Term of Art" (Yon Tèm Ar) epi apre yo swiv li ak yon "Directive" (Kòmand). Se chak patisipan aktif ki egzekite aksyon an, ki gen ladan elèv, anplwaye, pwofesè ak premye sekouris yo. SRP a baze sou aksyon ki ap suiv yo: Kenbe, Sekirize, Fèmen, Evakye, ak Kache.

Kenbe

"Nan Klas la oswa nan yon Areya"

Elèv yo resevwa fòmasyon pou:

- Soti nan koulwa yo e rete nan areya yo oswa nan salklas yo jis yo anonse "Tout Bagay Klè"
- Fè biznis kòm dabitid

Adilt ak anplwaye yo resevwa fòmasyon pou:

- Fèmen epi klete pòt yo
- Pran responsablite elèv ak adilt yo
- Fè biznis kòm dabitid

SEKIRIZE

"Antre Andedan. Fèmen pòt deyò yo"

Elèv yo resevwa fòmasyon pou:

- Retounen nan andedan bilding nan
- Fè biznis kòm dabitid

Adilt ak anplwaye yo resevwa fòmasyon pou:

- Fè tout moun antre andedan
- Fèmen pòt deyò yo
- Ogmante konsyantizasyon sitiyaasyon an
- Pran responsablite elèv ak adilt yo
- Fè biznis kòm dabitid



'LOCKDOWN'

"Klete pòt, Etèn Limyè, Kache"

Elèv yo resevwa fòmasyon pou:

- Deplase devan danje a
- Rete an silans
- Pa louvri pòt la

Adilt ak anplwaye yo resevwa fòmasyon pou:

- Rekipere elèv pou soti nan koulwa a si sa posib
- Fèmen pòt salklas yo
- Etèn limyè yo
- Deplase devan danje a
- Rete an silans
- Pa louvri pòt la
- Prepare evade oswa defann



EVAKYE

"Ale Yon Lòt Kote"

Elèv yo resevwa fòmasyon pou:

- Kite objè yo deyò si sa posib
- Si sa posib, pran telefòn yo
- Suiv enstriksyon yo

Adilt ak anplwaye yo resevwa fòmasyon pou:

- Pote fèy apèl prezans ak Sak yo (sofsi yo bay enstriksyon pou pa pote anyen avèk yo, depan de rezon evakyasyon an.)
- Kondui elèv nan loksasyon Evakyasyon an
- Pran responsablite elèv ak adilt yo



KACHE

"Estrateji pou Danje ak Pwoteksyon Eta a"

Danje ka gen ladan:

- Tònad
- Hazmat
- Tranbleman tè
- Sounami

Estrateji Pwoteksyon yo gen ladan:

- Evakye ale nan zònabri
- Fèmen sal la
- Kouche, kouvri epi kenbe
- Ale kote ki pi wo

Elèv yo resevwa fòmasyon pou:

- Danje Apwopriye ak Estrateji Pwoteksyon
- Adilt ak anplwaye yo resevwa fòmasyon pou:
- Danje apwopriye ak Estrateji Pwoteksyon
- Pran responsablite elèv ak adilt yo





® PWOTOKÒL

REPOUS ESTANDA

GIDE PARAN

Lè yon evènman ensidan ap dewoule, paran yo ka gen kesyon sou wòl yo.

SEKIRIZE

“Antre Andedan. Fèmen Pòt Deyò yo”



Yo mande pou sekirize etablisman an lè gen danje deyò nan bilding nan. Elèv ak anplwaye yo ap antre andedan bilding nan e yo ap fèmen tout pòt deyò yo. Lekòl la ka fè konnen bilding nan sekirize nan afiche sa sou pòt antre a oswa fenèt ki tou pre yo. Andedan lekòl la, biznis yo ap kontinye kòm dabitid.

ÈSKE PARAN KA VIN LEKOL LA NAN MOMAN YON EVÈNMAN AP DEWOULE?

Pwobableman pa. Yo ap fè tout efò pou kenbe klas yo nòmal pandan yon evènman sekirite. Anplis, yo ka paran yo pou rete deyò pandan yon evènman sekirite.

E SI PARAN YO BEZWEN VIN CHÈCHE ELEV YO?

Dapre sityasyon an, li ka pa an sekirite pou lage elèv yo. Fason sityasyon an ap evolue, Sekirite a ka chanje pou Siveye Antre yo e/oswa Kontwole Soti yo.Z

ÈSKE YO AP AVIZE PARAN LÈ YON LEKÒL ANTRE AN SEKIRITE?

Lè yon evènman an sekirite brèf oswa danje a pa vyolan, tankou yon bèt sovaj sou lakou rekreyasyon an, yo ka pa bezwen notifiye paran pandan sekirite a an plas.

Avèk evènman ki pi long oswa pi danjere, lekòl la dwe notifiye paran yo li ogmante sekirite li yo.

KLETE LEKÒL LA

“Klete pòt, Etèn Limyè, Kache”



Yo mete yon ‘Lockdown’ lè gen yon bagay danjere andedan bilding nan. Elèv ak anplwaye yo resevwa fòmasyon pou yo antre oswa rete nan yon chanm ki ka klete, epi rete an silans.

Yo inisye yon ‘Lockdown’ sèlman lè gen yon menas aktif andedan oswa toupren bilding nan.

ESKE PARAN TA DWE VINI NAN LEKOL LA PANDAN YON ‘LOCKDOWN’?

Enklinyasyon natirèl paran yo se pou ale lekòl la pandan yon ‘Lockdown’. Nou konprann, men petèt se yon pwoblèm. Si gen yon menas andedan bilding nan, lapolis ap reponn. Nou pa kwè yo ap bay paran aksè nan bilding nan oswa menm sou kanpous lekòl la. Si paran yo deja nan lekòl la, yo ap ba yo enstriksyon pou yo antre nan ‘Lockdown’ tou.

ÈSKE PARAN YO KA TÈKS ELÈV YO?

Lekòl la rekonèt enpòtans kominikasyon ant paran ak elèv yo pandan yon evènman ‘Lockdown’. Paran yo dwe konnen pandan peryòd inisyal yon ‘Lockdown’, li pap an sekirite pou elèv yo tèks paran yo. Pandan yo ap rezoud sityasyon, yon ka mande elèv yo pou mete paran yo ajou regilyèman.

Nan kèk ka, yo ka evakye ak transpòte elèv yo nan yon lòt kote pou reyini elèv-paran.

E EGZÈSIS YO PA ANONSE?

Lekòl la ka fè egzèsis enprevi, sepandan nou dekouraje sa anpil pou yo fè yon egzèsis san anonse li se yon egzèsis. Yo rele sa yon egzèsis san anonse li ka lakòz enkyetid soufrans ak estrès.

Paran yo dwe konnen lekòl la ap toujou enfòme elèv yo se yon egzèsis pandan anons inisyal la.

Li enpòtan pou diferansye ant yon ‘drill’ ak yon egzèsis. Yo itilize yon ‘drill’ pou “Reveye Memwa” moun pou asosye yo avèk yon aksyon yo te pratike. Pa gen okenn similasyon evènman; yo senpleman fè aksyon an. Yon egzèsis simile yon evènman aktyèl pou teste kapasite anplwaye ak ekipman yo.

